

# Politik Konfidansyalite Kandida

## Jiyè 2023

Universal Destinations & Experiences pran angajman pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsònèl ou. Politik sa a dekri ki enfòmasyon pèsònèl nou kolekte pandan pwosesis rekritman nou an, kòman nou itilize yo, avèk kiyès nou pataje yo, epi kòman ou ka kontakte nou si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Li dekri tou dwa pou vi prive ou (jan sa aplikab) ak fason pou w egzèse dwa yo. Nou revize politik konfidansyalite nou yo regilyèman, epi nou ka modifiye avi sa a nenpòt ki lè. N ap poste nenpòt modifikasyon ki fèt nan avi sa a sou sitwèb nou an <https://jobs.universalparks.com/>, kidonk tanpri tcheke la pou jwenn vèsyon ki pi resan an nan avi sa a.

Nan Politik Konfidansyalite sa a, nou pral itilize tèms “UDX”, “nou”, “n” ak “nou an” pou pale de mak Universal Destinations & Experiences lan kote w ap aplike a, ki ta swa Universal Orlando Resort, Universal Studios Hollywood, Universal Creative oswa Universal Destinations & Experiences.

### 1. KI KALITE ENFÒMASYON NOU KOLEKTE?

Nou pral kolekte done nan men ou dirèkteman lè w fè nou konnen nou enterese w antanke ke patwon ki ka anplwaye w (pa egzanp, lè w kreye yon pwofil pou karyè oswa odisyon sou sit entènèt nou an ak lè w enskri pou w resevwa alèt) oswa l w aplike pou travay avèk nou. Nou kolekte, estoke epi itilize enfòmasyon pèsònèl ou pou nou ka rete an kontak avèk ou epi, si sa aplikab, pou konsidere aplikasyon w lan epi travay sou li. Nou rele tip enfòmasyon sa yo “**Enfòmasyon sou Kandida**”. Sa gen ladann:

- **Kandida Pwobab yo:** Si ou fè konnen ou enterese ak nou kòm patwon ki ka anplwaye w epi ou vle nou rete an kontak avèk ou epi pou nou enfòme w sou wòl ki ka genyen yo, ou gendwa ban nou enfòmasyon tankou non ou, detay pou kontakte w, kikote ou ye, domèn ki enterese w, konpetans/talan, ak rezime/CV ou.
- **Enfòmasyon sou pwofil:** Si w kreye yon pwofil sou sitwèb rekritman nou an, nou pral mande w adrès imèl ou epi nou pral mande w pou w kreye yon modpas. Ou ka gen opsyon pou w enpòte pwofil LinkedIn ou, CV ou, pòtrè tèt ou e lòt dokiman sipò. Ou ka modifiye pwofil ou nenpòt ki lè.
- **Fòm aplikasyon:** Si w aplike pou yon wòl anpasan pa sit entènèt nou an, ou ka enpòte enfòmasyon apati pwofil ou (gade anwo a) oswa enpòte yon nouvo rezime/CV. Nou mande tou pou w reponn kèk kesyon pou nou ka detèmine si w bon pou wòl la. Enfòmasyon nou kolekte nan fason sa a depann de wòl ou te aplike pou li a, epi yo ka gen nan yo non ou, detay pou kontakte w, istwa edikasyon ou, istwa travay, kalifikasyon, konpetans, talan, egzanp travay, gwoup laj ou, sa w atann kòm konpansasyon, enfòmasyon sou otorizasyon pou travay, enfòmasyon sou istwa kriminel, disponiblite pou travay, konfòmite avèk Machaswiv UDX pou Aparans, aptitud ak preferans, SSO (si ou te travay pou nou deja), karakteristik fizik, pwofil odisyon (si sa aplikab), ak nenpòt lòt enfòmasyon ou chwazi pou w bay. Enfòmasyon obligatwa yo endike avèk yon “\*”. Si w pa bay enfòmasyon obligatwa yo lè yo mande w yo, epi enfòmasyon sa yo nesesè pou nou konsidere aplikasyon w lan (pa egzanp, prèv kalifikasyon oswa istwa travay), nou p ap kapab travay sou aplikasyon w lan.
- **Enfòmasyon sou entèvyou:** Nenpòt enfòmasyon ou ba nou pandan pwosesis entèvyou a oswa ki anrapò avèk li.
- **Sondaj yo:** Nenpòt enfòmasyon ou ban nou, si ou vle, anpasan pa sondaj kòmantè yo.

- **Verifikasyon istwa pase ak referans:** sa gen ladan referans, travay pase yo, abitud travay, repitasyon jeneral ak verifikasyon istwa kriminel.

Epitou, nou ka kolekte, estoke epi itilize tip **enfòmasyon pi delika** ki pral site la yo:

- **Enfòmasyon sou divèsite:** Ras/Gwoup etnik, Sèks, sitiasyon Veteran, egzistans andikap, oryantasyon seksyèl.
- **Enfòmasyon medikal,** si òf ou an depannde yon egzamen fizik ou pase avèk siksè.
- **Enfòmasyon sou kalifikasyon kòm chofè** (pou wòl ki gen kondi ladan l), tankou rapò Depatman Veyikil Amotè ki gen nan li enfòmasyon sou lisans chofè, andòsman ak enfòmasyon sètifika medikal.

Nan moman kòlèk la, nou pral eksplike poukisa nou dwe kolekte kalite enfòmasyon sa yo ak si yo obligatwa.

Lis sa yo pa konplè epi nou ka chanje l ak/oswa ajoute ladan l detanzantan.

## 2. KÒMAN NOU PRAL ITILIZE ENFÒMASYON OU YO?

2.1 Nou itilize Enfòmasyon sou Kandida yo pou rezon biznis lejitim nou yo, ki gen ladan sa ki pral site la yo:

- **Resevwa, egzamine, jere ak administre aplikasyon pou travay**
- **Jere ak administre kont ou sou sit entènèt rekritman nou an**
- **Travay sou aplikasyon w lan,** sa gen ladan evalye konpetans ou, kalifikasyon ou ak si w bon pou wòl la pou nou ka deside si pou nou ale pi lwen ak aplikasyon w oswa si pou nou konsidere w pou lòt wòl swa nan moman an oswa pi devan
- **Fè verifikasyon istwa pase ak referans** pou valide kalifikasyon w ak eksperyans ou epitou pou evalye si w bon pou wòl la, kote sa aplikab
- **Kominike avèk ou** sou pwosesis rekritman an epi voye nouvèl ba ou sou Universal Destinations & Experiences ak sou wòl ki ta ka enterese w yo (ou ka dezabòne nan alèt sa yo nenpòt ki lè)
- **Amelyore pwosesis aplikasyon nou an,** pou asire ke pwosesis aplikasyon nou an ak sitwèb nou an adapte ak itilizatè epi efikas otank posib. Sa ka gen ladan l kolekte enfòmasyon nan men ou pa mwayen sondaj volontè. Chwa w fè yo anrapò avèk sondaj yo pa gen okenn enpak sou pwosesis seleksyon an pou nenpòt pòs ki vid nan UDX
- **Konsève dosye** anrapò ak pwosesis rekritman nou yo
- **Analiz done ak rapò** pou ede nou wè ak siveye efikasite pwosesis rekritman nou yo, idantifye tandans yo, amelyore pwosesis nou yo epi afekte resous nou yo yon fason ki efikas
- **Pwoteje enterè biznis lejitim ak dwa legal nou yo,** sa gen ladan itilizasyon nan afè reklamasyon legal (sa gen ladan devwalman enfòmasyon sa yo anrapò avèk pwosesis legal oswa dispit), pou objektif konfòmite, reglemantasyon, odit, envestigasyon ak rapò konfòmite.
- Pou administre nenpòt **kontra** travay alavni avèk ou, si sa aplikab
- Pou respekte yon **obligasyon legal,** pa egzanp pou konfime ke ou kalifye pou travay dapre lwa imigrasyon ki aplikab yo.
- **Si ou se yon kandida pwobab,** konsève done ou yo nan dosye nou yo pou egzamine konpetans ou, eksperyans ak enterè ou yo epi evalye ak fè w konnen si w bon pou wòl ki ta ka enterese w yo. Ou ka mande nou pou nou efase done ou yo epi dezabòne nan resevwa mesaj sa yo nenpòt ki lè.

## 2.2 Kòman nou itilize enfòmasyon ki pi delika ou yo

- Fòm aplikasyon nou an gen yon seksyon ki envite w bay volontèman done sou divèsite ak enklizyon. Kolekte done sou divèsite ak enklizyon pou ede nou gide estrateji rekritman nou yo epi antreprann aksyon ak inisyativ ki apwopriye yo. Lalwa ak/oswa ajans leta yo oblije nou konsève dosye sou ras, gwoup etnik, sèks, andikap, ak sitiyasyon veteran pou kandida k ap aplike nan pòs ki baze Ozetazini yo. Si w chwazi pou w bay done sa yo, done yo pral gwoupe avèk lòt done pou kreye estatistik sou divèsite. Ou soumèt done sa yo si ou vle epi sa pa pral gen okenn konsekans negatif si w chwazi pou w pa bay done sa yo. Nenpòt enfòmasyon konsa ou bay p ap disponib pou okenn moun k ap pran desizyon nan pwosesis rekritman an, yo p ap itilize yo pou konsidere si w bon pou wòl la, ni yo p ap kominike yo bay manadjè w (yo) sizoka ou gen siksè avèk aplikasyon w lan.
- Si òf nou an depann de yon egzamen fizik ou pase avèk siksè, nou pral resevwa, avèk otorizasyon w, enfòmasyon medikal ki aplikab yo nan men doktè, lopital oswa konpayi asirans ki konsène a.
- Si ou te ban nou enfòmasyon sou andikap oswa enfòmasyon sou sante pou nou ka fè ajisteman nan pwosesis rekritman nou an, nou pral itilize sa yo pou soutni ou pandan aplikasyon w lan.

## 3. BAY KIYÈS YO KA KOMINIKE ENFÒMASYON MWEN?

- **Andedan UDX:** Yo pral kominike Enfòmasyon sou Kandida yo ba moun ki nan UDX epi ba konpayi gwoup NBCUniversal ki gen “bezwen pou konnen” enfòmasyon yo nan afè pwosesis rekritman an.
- **Founisè Sèvis yo:** UDX itilize founisè sèvis lòt pati deyò pou ede pwosesis rekritman an, sa gen ladan pou kòlèk, tretman ak validasyon Enfòmasyon sou Kandida yo. Pa egzanp, sitwèb rekritman sa a se yon founisè teknoloji lòt pati deyò ki ebèje li epi ki bay li. Nou pa pèmèt founisè sèvis lòt pati deyò nou yo itilize done ou yo pou pwòp objektif pa yo. Nou pèmèt yo trete yo sèlman pou objektif byen presi epi annakò avèk machaswiv nou, epi yo oblije kenbe yo konfidansyèl.

Founisè sèvis nou yo ak konpayi gwoup yo oblije pran dispozisyon ki apwopriye pou sekirite pou pwoteje Enfòmasyon sou Kandida yo annakò avèk estanda nou yo pou konfidansyalite ak sekirite done. Pou jwenn plis enfòmasyon sou mezi sekirite yo, tanpri gade anba a.

**Lòt pati deyò:** Anjeneral, UDX pral kominike sèlman Enfòmasyon sou Kandida a bay lòt pati deyò ki pa founisè sèvis lè lalwa, règleman oswa pwosesis legal mande pou yo fè sa, kòm repons pou yon demann lejitim lapolis oswa lòt fòsdelòd yo fè pou yo jwenn asistans, oswa pou chèche konsèy legal nan men avoka ekstèn UDX oswa nan afè dispit avèk yon lòt pati deyò. Epitou UDX gendwa kominike enfòmasyon ki pi delika yo ki endike anwo a sou fòm gwoup ba regilatè yo ak òganis nan sektè a pou objektif siveyans ak rapò sou egalite chans.

## 4. PANDAN KONBYEN TAN NOU KONSÈVE ENFÒMASYON W YO EPI KÒMAN NOU PWOTEJE YO?

### 4.1 Konsèvasyon

Nou pral konsève enfòmasyon ou yo pandan tout kantite tan nou bezwen pou reponn ak enterè lejitim nou yo, pou travay sou aplikasyon w lan ak pou nenpòt kontra travay annapre oswa pou reponn ak egzijans legal yo, sòf si yon peryòd konsèvasyon pi long obligatwa oswa otorize dapre lwa aplikab yo. Apre sa, nou pral pran dispozisyon pou efase enfòmasyon ou yo oswa konsève yo sou yon fòm ki pa idantifye ou ankò.

### 4.2 Sekirite

Nou mentni garanti pwosedi, garanti teknik ak fizik pou ede pwoteje Enfòmasyon sou Kandida yo kont pèt, move itilizasyon oswa aksè san otorizasyon, divilgasyon, modifikasyon oswa destriksyon. Garanti sa yo varye selon sansibilite enfòmasyon nou kolekte ak konsève yo. Tanpri, konnen pa gen okenn solisyon sekirite ki san pwèn fèb.

## 5. DWA OU YO

Lè ou te òganize yon kont sou sitwèb rekritman nou an, ou ka konekte nan Pwofil Kont ou nenpòt ki lè epi fè chanjman pou kenbe enfòmasyon ou yo ajou.

Si ou se yon **moun ki abite nan Kalifòni**, ou gen dwa pou w fè sèten demann konsènan enfòmasyon pèsònèl ou oswa ajan otorize ou ka fè demann sa yo nan non ou avèk itilizasyon adrès imèl la ki anba a. Ou gen dwa pou yo pa fè diskriminasyon kont ou paske w ap egzèsè dwa w yo. Ou ka:

- mande **aksè** nan enfòmasyon pèsònèl byen presi. Sa pèmèt ou jwenn enfòmasyon sou kategori enfòmasyon pèsònèl nou kolekte sou ou ak rezon ki fè nou kolekte enfòmasyon sa yo, epi pou w gen aksè nan enfòmasyon pèsònèl byen presi nou kenbe ki konsène ou. Tanpri konnen gen eksepsyon nan dwa sa a, pa egzanp lè done yo te kreye pou ede asire sekirite oswa entegrite, oswa lè done yo depann de privilèj legal, oswa yo disponib piblikman.
- mande **koreksyon** enfòmasyon pèsònèl nou kenbe ki konsène ou. Sa pèmèt ou mande nou korije enfòmasyon nou genyen sou ou ki pa konplè oswa ki pa kòrèk.
- mande **efase** enfòmasyon pèsònèl ou. Sa pèmèt ou mande nou efase oswa retire enfòmasyon pèsònèl nan dosye nou yo, sa depann de sèten eksepsyon. Nan sèten sikonstans, nou gendwa refize demann ou fè pou efase yo. Pa egzanp, nou ka konsève enfòmasyon pèsònèl ou yo si sa nesèsè yon fason rezonab pou nou oswa pou founisè sèvis nou yo bay yon sèvis ou te mande, pou detekte ensidan sekirite, oswa pou nou konfòme nou avèk lalwa.

Lwa nan Kalifòni mete sèten obligasyon sou biznis ki “vann” enfòmasyon pèsònèl bay lòt pati deyò oswa ki “pataje” enfòmasyon pèsònèl avèk lòt pati deyò pou piblisite ki sible konsomatè dapre enfòmasyon pèsònèl konsomatè a ant biznis yo. Nou pa “vann” oswa “pataje” enfòmasyon pèsònèl ki kouvri ak politik sa a epi nou pa te fè sa pandan douz mwa yo ki anvan dat antre anvigè politik sa a.

Si w ta renmen fè youn nan demann yo ki anwo a, tanpri voye yon imèl bay [candidateprivacy@nbcuni.com](mailto:candidateprivacy@nbcuni.com) oswa rele nan 800-622-6432. N ap pran dispozisyon ki rezonab pou verifye idantite w (epi, si sa aplikab, otorizasyon ajan w lan) anvan nou reponn yon demann. Lè nou fè sa, nou ka mande w enfòmasyon verifikasyon pou nou ka matche omwen de pwèn verifikasyon avèk enfòmasyon nou konsève nan dosye nou yo ki konsène ou. Si nou pa kapab verifye ou pa mwayen metòd sa a, n ap gen dwa pou nou mande w enfòmasyon anplis, men nou pa gen obligasyon pou nou fè sa. Si nou pa kapab verifye idantite w, nou gendwa refize demann ou an.

## 6. Pou Kontakte Nou

Si w gen nenpòt kesyon sou avi sou konfidansyalite sa a oswa sou fason nou jere enfòmasyon pèsònèl ou, tanpri sèvi avèk detay kontak yo ki anba a pou w kontakte nou:

Universal Orlando Resort: [jobs@universalorlando.com](mailto:jobs@universalorlando.com)

Universal Studios Hollywood: [ush.jobs@nbcuni.com](mailto:ush.jobs@nbcuni.com)

Tout lòt demann yo: [candidateprivacy@nbcuni.com](mailto:candidateprivacy@nbcuni.com)